# AKSARA SUNDA

## A. TUJUAN PEMBELAJARAN

Mahasiswa mibanda pangaweruh anu jugala ngeunaan nulis jeung maca aksara Sunda katut pangajaranana. Tujuan husus anu kudu kahontal tina ieu pangajaran, nya eta mahasiswa mampuh:

a. Nyangkem aksara Sunda;
b. nyalin aksara Sunda;
c. nulis aksara Sunda; jeung
d. maca aksara Sunda.

## B. AMBAHAN BAHAN AJAR

Bahan ajar anu bakal dipidangkeun dina ieu lawungan atawa pajemuhan patali jeung nulis katut maca aksara Sunda, nya eta (1) nyangkem aksara Sunda, (2) nyalun aksara Sunda, (3) nulis aksara Sunda, jeung (4) maca aksara Sunda. Wincikan tiap-tiap bahan ajar dibabarkeun di handap ieu.

### *1. Niténan Sora jeung Aksara Sunda*

Dina basa Sunda aya sora (foném) jeung aksara (grafém). Foném Sunda aya dua rupa, nya éta vokal jeung konsonan. Geura titénan wujudna:

| | |
|---|---|
| Vokal: | a, i, u, é, o, e, eu |
| Konsonan: | k, g, ng, c, j, ny, t, d, n, p, b, m, y, r, l, w, s, h, (f), (v), (q), (x), (z), (kh), (sy). |

Jaba ti diwujudkeun ku huruf Latén, basa Sunda téh kungsi diwujudkeun ku aksara Sunda. Béh ditu kungsi digunakeun aksara Jawa nu disebut *cacarakan Sunda*, nya éta:

**ha, na, ca, ra, ka, da, ta, sa, wa, la, pa, ja, ya, nya, ma, ga, ba, nga.**

Ayeuna aya aksara Sunda hasil modifikasi anu diputuskeun ku SK Gupernur Jawa barat ngaliwatan Peraturan Daérah (Perda) No. 434/SK 614.Dis.PK/1999. Geura bandingkeun antara vokal jeung konsonan Sunda kana *aksara Sunda kaganga*.

*2. Aksara Hirup (Vokal)*

| A | é | e | Eu | I | o | U |
|---|---|---|---|---|---|---|
| A | { | E | } | I | O | U |

*3. Aksara Ngalagena*

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| ka | k | Ga | G | nga | G |
| ca | c | Ja | j | nya | J |
| Ta | t | Da | d | na | n |
| pa | p | Ba | b | ma | m |
| ya | y | Ra | r | la | l |
| wa | w | Sa | s | ha | h |

***Lambang Aksara Serepan***

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| qa | q | Za | z | fa | f |
| va | Vv | xa | x | | |

**4. Ngagunakeun Pananda Sora dina Aksara Sunda**

Ti heula hidep geus diajar aksara vokal jeung aksara ngalagena. Ngan can lengkep. Tah, ayeuna urang diajar nuliskeun pananda sora jeung angka.

*(1) Pananda Sora*

| | Pananda Sora | Kecap | Makéna |
|---|---|---|---|
| o… | é = panéléng | béré | obor |
| ...e | e = pamepet | belet | belet´ |
| ...ê | eu = paneuleung | weureu | wêrê |
| ...Q | i = panghulu | siki | siki |
| ....o | o = panolong | bodo | bodo |
| ...u | u = panyuku | suku | Suku |
| ...´ | Ø = pamaéh | gadag | GdG; |
| ...H | +h = pangwisad | gajah | GjH |

| | | | |
|---|---|---|---|
| ...Q | +r = panglayar | datar | dtQ |
| ...Y | +ya = pamingkal | gebyar | gebQY |
| ...L | +la = panyiku | gaplah | GpH |
| ...N | +ng = panyecek | caang | cAN |
| ...R | +ra = panyakra | krama | kRm |

*(2) Angka*

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| 6 | 7 | 8 | 9 | 0 |
| 6 | 7 | 8 | 9 | 0 |

**5. Nulis Aksara Sunda**

Titénan conto di handap ieu!

Bapa kapala mawa kalapa

bp kpl mw klp

Pék robah kalimah-kalimah di handap ieu kana aksara Sunda!

1. Ěha ka majalaya = ..................................................................
2. Bapa ngala kalapa = ..............................................................
3. Uka tara mawa pala = ............................................................
4. Kaka baha sagala = ................................................................

5. Jaka balaka ka mama = ............................................................
6. Jala bawa Jaja mana = ............................................................
7. Ka mana Ua tara aya = ..............................................................
8. Uwa ka majalaya kana kuda = ..................................................
9. Saha mawa cau ka bapa = .........................................................
10. Iraha Caca balakana = ..............................................................

**6. Diajar Maca Aksara Sunda**

Di handap ieu aya wacana anu ditulis ku aksara Sunda. Pék ku hidep baca, tuluy salin kana aksara Latén!

kinn´ti

budk´ ltik´ bis GpuN
bbku GpuNn ptiN
GuriliN kklyGn´
onAGn´ nu AmisA-Amis´
srupniN buNbAhn´
nOn´ bÉ nu kpNgiH

Kumaha aksara Laténna?

....................................................................

.....................................................................................................
.....................................................................................................
.....................................................................................................
.....................................................................................................
.....................................................................................................

.............................................................................................................